



Douz Etap ACA yo

- 1) Nou admèt nou te san fòs devan efè alkòl oswa lòt fòm dezòd nan fanmi nou, epi lavi nou te vin san kontwòl.
- 2) Nou vin kwè ke gen yon pouvwa ki pi gran pase nou ki ka retabli nou nan bon sans.
- 3) Nou pran desizyon pou nou remèt volonte nou ak lavi nou bay swen Bondye, jan nou menm nou konprann Bondye.
- 4) Nou fè yon egzamen moral pwofon epi san pè sou tèt nou.
- 5) Nou admèt devan Bondye, devan tèt nou, epi devan yon lòt moun, nati egzak fot nou yo.
- 6) Nou vin nètman pare pou Bondye retire tout defo sa yo nan karaktè nou.
- 7) Avèk imilite, nou te mande Bondye pou l retire defo nou yo.
- 8) Nou te fè yon lis tout moun nou te fè mal, epi nou te vin dispoze pou n repare sa nou te fè yo.
- 9) Nou te repare sa nou te fè moun sa yo dirèkteman tout kote sa te posib, eksepte lè sa t ap blese yo oswa lòt moun.
- 10) Nou kontinye fè egzamen sou tèt nou, epi lè nou te fè erè, nou admèt li san pèdi tan.
- 11) Nou chèche amelyore relasyon konsyans nou ak Bondye, jan nou menm nou konprann li, atravè lapriyè ak meditasyon; nou priye sèlman pou konnen volonte Bondye pou nou, epi pou nou gen fòs pou nou akonpli li.
- 12) Lè nou te fin gen yon reveye espiritiyèl kòm rezilta etap sa yo, nou te eseye pote mesaj sa a bay lòt moun ki toujou ap souffri, epi aplike prensip sa yo nan tout zafè nou.

Douz Etap yo te repibliye epi adapte apati Douz Etap orijinal Alkolik Anonim yo.

Adult Children of Alcoholics®/Dysfunctional Families
www.adultchildren.org | info@acawso.org | +1(310) 534-1815

© 2006 ACA WSO, Inc.
Tout dwa rezève